ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№92 (23.906) ● 2019 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 3, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Iыхьэм пэувын папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI бюджет кредит Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хухэхыным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм щIагъуж зэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Iыхьэм пэувын папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI бюджет кредит Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хухэхыным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм щIагъуж зэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К. В. хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацтта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м
№1106-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Iыхьэм пэувын папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI бюджет кредит Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хухэхыным теухуа ЗэгурыIуэныгъэм щIагъуж зэгурыIуэныгъэр къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м

1 статья

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуримыкъум щыщ Iыхьэм пэувын папщIэ федеральнэ бюджетым къыхэкI бюджет кредит Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым хуэхэхыным теухуауэ 2017 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м къащта ЗэгурыIуэныгъэ №01-01-06/06-304-м щIагъуж зэгурыIуэныгъэу №3-м щIэту 2019 гъэм накъыгъэм и 6-м Iэ зыщIадзар къэщтэн.

2 статья

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м
№28-РЗ

«2019 гъэм, 2020, 2021 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «2019 гъэм, 2020, 2021 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ К. В. хуегъэхьын Iэ щIидзын икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщацтта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м
№1108-П-П

Онкологие узыфэхэм щеIэзэ амбулаторэ IуэхущIапIэхэр КъБР-м къыщызэIуах

«Узыншагъэр хъумэныр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ онкологие узыфэхэм ебэныным хуэгъэзауэ зэхалъхьа проектыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыгъэзэщIэным хуэунэтIауэ иджыблагъэ къызэIуахащ онкологие узыфэхэр пасэу къэхутэным телэжьэну центрхэр.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм зэрыщыжаIамкIэ, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэща центрхэр къыщызэIуахащ Налшык къалэм дэт консультацэ-диагностикэ центрымрэ Лэскэн районым щыщ Анзорей къуажэм дэт сымаджэщымрэ. Абыхэм екIуалIэхэм къеплъынущ мы узыфэр зэхэгъэкIыным хуэIэкIуэлъакIуэ онкологхэр, апхуэдэу махуэ стационархэм химиотерапиемкIэ пэшхэр къызэрагъэпэщащ. КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Хъубий Мурат къызэрилъытэмкIэ, а IуэхущIапIэхэр сэбэпышхуэ хъунущ онкологие узыфэхэр пасэу зэхэгъэкIынымкIэ икIи и зэманым цIыхухэм еIэзэнымкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

«Тавридэ» зэхыхьэм хиубыдэ зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Куп Къантемыр щытокIуэ

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм Къырымым щрагъэкIуэкI «Тавридэ» зэхыхьэм и епщыкIузанэ сменэр зэхуащIыжащ. Абы щытекIуахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Куп Къантемыр игъэхьэзыра «Шерлок» джэгукIэм теухуа проектыр. А проектыр игъэзэщIэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр мы гъэм къэзыуха щIалэм сом мин 800 къыхуагъэфэщащ.

МЫ ДЖЭГУКIЭМ театрри, интерактивнэ зэпеуэри, кинори щызэхэджащ. ДжэгукIэм къыщыгъэлъэгъуащ судым и лэжьыгъэр. Командэхэм присяжнэ заседателхэм я ролхэр ягъэзащIэ икIи абыхэм къапэщытщ щыхьэтхэм ящыщу хабзэншагъэр зылэжьар яубзыхуну.

«Видеоконтент-сменэм» хиубыдэу конкурсым заявкэ 99-рэ къатауэ щытащ. Абыхэм ящыщу 30-р текIуауэ къалъытащ икIи проектхэр гъэзэщIэным псори зэхэту сом мелуан 15-м нэблагъэ хухахащ.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ ныбжьыщIэм я «Тавридэ» зэхыхьэр Къырымым 2015 гъэ лъандэрэ щокIуэкI. Мы гъэм проектым нэхъри зрагъэубгъуащ икIи абы хагъэхьащ «Тавридэ-АРФ» творческэ фестивалыр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

Iуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкIуэкI гъэмахуэ фестивалым цIыху 700-м щIигъу хэтщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрагъэпэща дунейпсо гъэмахуэ фестивалыр дыгъуасэ Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэIуахащ. Абы хэтхэр зэхьэзэхуэнущ Iуащхьэмахуэ и хъуреягъкIэ къэжыхьыным теухуауэ.

УРЫСЕЙМ, СНГ-м, нэгъуэщI къэрал зыбжанэм я лIыкIуэу 700-м щIигъу Азау хуейм щызэхуэзэри километр 256-м щIигъукIэ къызэдэжэн папщIэ гъуэгу теуващ. Абыхэм Iуащхьэмахуэ и хъуреягъыр къажыхьыху бгы щхьэдэхыпIэу тху къызэранэкIынущ, дэтхэнэми и лъагагъыр метр 3600-м щIигъуу.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.

2019 гъэм фокIадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

Къущхьэ Надим

ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и псалъэ.

СтIащ Сэбри

● Лъэпкъ Iуэху

Адэжь хэку и бын зеиншэ хъуркъым

Гуэщокъуэ Абдул-Бакъи

КIурашын Анзор, Абеикъуэ Шухьэиб, Къумыкъу Мамдухь

Шыкъ Мухьэмэд-Хьид

Зи хэку къэзыгъэзэжахэм я махуэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм Налшык и «Трек» щIыпIэм шыщхьэуIум и 1-м щигъэлъэпIащ.

АБЫ кърихьэлIат Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерствэм и унафэщI **КIурашын Анзор**, ДАХ-м и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ **Бырсекъуэ Орфан**, хэкум къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъухэр.

Бырсекъуэ Орфан ДАХ-м и тхьэмадэм и фIэхъусыр къызэхуэсахэм ярихри, жиIащ, тхьэмадэм Iуэху къылъыкъуэкIыу мы зэхыхьэм къэмыкIуэфами, абы кърихьэлIа псоми я махуэмкIэ зэрехъуэхъур.

- Хэхэс адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ япэу щызэIущIар 1957 гъэм Москва щекIуэкIа фестивалращ, - къригъэжьащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. - Абы Сирием къикIыу къэкIуа гупым яхэтащ ди лъэпкъэгъухэм ящыщ. Ауэ хэкум япэ дыдэ къихьэжар ЯфIэунэ Абдулщ, абы къыкIэлъыкIуэу къэкIуэжа Абеикъуэ Шухьэиб нобэ ди хьэщIэщ. Иджыпсту къэкIуэжыну хуейуэ щыIэмрэ къэкIуэжамрэ я бжыгъэр зэхуэдэкъым. Хэкуншэу мыпсэуфхэр къокIуэж, ауэ зи Iуэху зэхуэмыхъу куэди щыIэщ. КъэмыкIуэжми, хэкум хуэлажьэхэр, лъэпкъ Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуатэхэри ди мащIэкъым. Сэ сиIэщ хъуэпсапIэ, адыгэбзэ зымыщIэр сабий садми курыт еджапIэми Iамыхыу, университетым щIэмытIысхьэфу, зи бзэр зымыщIэм къулыкъу къремыту дыхъуну. Си Iуэхут итIанэ анэдэлъхубзэр Iумпэм ящIмэ. Сынывохъуэхъу мы махуэ дахэмкIэ, хэкум и IэфI иджыри куэдрэ зыхэфщIэу фыпсэуну си гуапэщ.

Апхуэдэуи ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къызэхуэсахэм яжриIащ Iуащхьэмахуэ и щыгум Хьэшыр Чылар зэрыдэкIрэ илъэси 190-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм бгъэхэIу къызэрыдигъэкIар. Абыхэм ящыщ Мухьэмэд яхуигуэшащ нэхъыжь IумахуэхэмрэIэ зи IуэхущIафэкIэ къыхэжаныкIахэмрэ.

КъэзыгъэзэжахэмIэ я Iуэхур ефIакIуэу, лъэкIыныгъэ яIэу, адэжь хэкум къару мыкIуэщI къахилъхьэрэ гурыфIыгъуэ щымыщIэу иджыри куэдрэ щыпсэуну къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ **КIурашын Анзор**.

ЗэIущIэм кърихьэлIат Тыркум къикIыжу къэкIуэжахэм я щыIэкIэ-псэукIэр зэзыгъащIэ **Лъостэнакуэ Анзоррэ** Ростов щыщ пщащэ **Цибенкэ Вероникэрэ**. Абыхэм жаIащ хамэщI щыпсэухэр хэкум къэзышэж щхьэусыгъуэр, къэкIуэжахэм я псэукIэр, гъащIэм зэрыхэзагъэр зэрафIэгъэщIэгъуэныр.

- Дэтхэнэ адыгэ нэсми и гукъеуэу къысщохъу лъэпкъыр дунейм тепхъа дызэрыхъуар, - жиIащ псалъэ зрата Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикIыжа **Шыкъ Мухьэмэд-Хьид**. - Сэ а Iуэхум фIыуэ хызощIыкIри, къэкIуэжыну хуейуэ зыхузэфIэмыкI куэд зэрыщыIэр сощIэ. Дэнэ щIыпIэ дыщыпсэуми, нэхъыщхьэр ди бзэр, хабзэр тщIэжынырщ. Иджы нэхъ зэман тынш къэхъуауэ къыщIэкIынкъым, уи щхьэ Iуэху зепхуэжыну - дывмыгъэщхьэх! Мыпхуэдэ гулъытэ къытхуэзыщI псоми фIыщIэ яхудощI.

Тыркум къикIыжахэм ящыщ **Гуэщокъуэ Абдул-Бакъи** пищащ псалъэмакъым.

- Уи хэку укъэкIуэжыныр IуэхушхуэщI, ар тынш дыдэу къызыщыхъу щыIэми, - жиIащ абы. - Лъэпкъым и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ и быныр зэхуишэсыжыныр. Илъэс щэщIым нэблэгъауэ дыкъэкIуэжауэ мыбы дыщопсэури - дыщIегъуэжакъым. Мы Iуэхум нэхъыбэ тедгъэгушхуэну, хамэ къэралхэм щыпсэухэри гупсысэ лей хэмыту къэкIуэжыну къыхуезджэну сыхуейщ.

Зи хэку зыгъуэтыжа **СтIащ Сэбрии** адэжь лъахэм и къарум, абы и мыхьэнэм тепсэлъыхьащ:

- Хэку зимыIэм иIэ дунейм теткъым, дэ мыбы дыкъэзышэжар абы худиIэ лъагъуныгъэращ. Гугъуехь куэд дыIущIащ, ауэ псоми дебэкъуэфащ, адэжь лъахэм папщIэ. Хэку и бын зеиншэ ищIыркъым, ар пэжщ. Хэхэс адыгэхэм ар къагурыIуэу къекIуэлIэжыныр си хъуэпсапIэщ, - жиIащ нэхъыжьыфIым.

- Хэкум къэзыгъэзэжахэм дежкIэ лъапIэ дыдэщ мы махуэр. Дэ сыт щыгъуи абыкIэ ди гур гъэзауэ дыкъагъэтэджащ. А хэку лъагъуныгъэрщ дыкъэзышэжари икIи дыхущIегъуэжакъым, - захуигъэзащ **Къущхьэ Надим** къызэхуэсахэм.

Бырсекъуэ Орфан

Хэкум теухуауэ псалъэ дахэ куэд щыжаIащ зэIущIэм. Адыгэ щIыгум и къарум и зэфIэкIым, зыIущIэ лъэпощхьэпохэм, нэгъуэщI куэдми щытепсэлъыхьащ абы.

Пшыхьым къыщеджащ хэку лъагъуныгъэм, лъэпкъ Iуэхум хуэгъэпса усэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм щIыхь зиIэ я артисткэ Хьэрэдурэ Динэ и уэрэд гуакIуэхэмкIэ къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр къиIэтащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къабзагъэм хуосакъ

«Налшык къабзэ. Республикэ къабзэ» фIэщыгъэм щIэту социальнэ сетым зэдит гупым я жэрдэм хэлъу Налшыкыпсым и Iуфэ дэкIуейр (Хьэсэней лъэмыжым къыщыщIэдзауэ) зыхуей хуагъэзащ.

ГУПЫМ къыхалъхьа Iуэхур даIыгъащ ЩIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ щIыуэпсымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и министерствэм, къалащхьэр къабзэу зехьэным телажьэ «Экологистика» IэнатIэм, къалэ администрацэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, псы Iуфэ дэзыгъэзейм кIэрыхубжьэрыхушхуэ ущрохьэлIэ. Ар къалэдэсхэмрэ, зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэмрэ къызэранэкI. Сыт хэлъ махуэ псом зыщыбгъэпсэхуа щIыпIэр дахэу зэщIэпкъуэжу укIуэжыным. АрщхьэкIэ щIыуэпс яхъумэным зыкIи егупсысыну хуэмейхэм хъуреягъыр хьэлэч зэтращIэ, нобэ дэ дызыхуэсакъыр пщэдей ди щIэблэм къахуэнэнщ жаIэркъым.

Мы Iуэхум хэтахэм мэз лъапэм нэсыху псы Iуфэр зэщIагъэкъэбзащ, кIэрыхубжьэрыхухэри мардэ щхьэхуэм тету зэхадзри Iуашащ. ПхъэнкIийр зэщIакъуа нэужь, псы Iуфэм щагъэуващ къабзагъэм къыхуезыджэ тхыгъэхэр зытет пхъэбгъухэр.

ХЬЭХЪУПАЩIЭ Хьэзиз.

● ЗэIущIэхэр

ЩIэблэр Iейм щахъумэ

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм (УНК) и унафэщI полицэм и полковник Шаповаленкэ Константинрэ управленэм и оперуполномоченнэ нэхъыжь полицэм и подполковник Давыдовэ Иринэрэ тепсэлъыхьащ наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ хабзэм къемызэгъыу ирагъэкIыным зэрыпэщIэтым, 2019 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм къэрикIуам, республикэм щрагъэкIуэкI Iуэхухэм.

- ДЫЗЭРЫТ илъэсым и япэ мазихым наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ хабзэм къемызэгъыу ирагъэкIыным пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэм ехъулэныгъэхэр щыдиIэщ. ЩIэпхъаджагъэу 661-рэ къыщIэдгъэщащи, абыхэм ящыщу 441-р хьэлъэ, хьэлъэ дыдэхэщ. Наркотикхэр хабзэр къызэпауду зэрагъэкIуэкIыным теухуа щIэпхъаджагъэ 369-р зэхагъэкIащ, уголовнэ жэуапым ирашэлIащ цIыху 331-рэ. Судым ирагъэхьа уголовнэ IуэхухэмкIэ ящэну хуимыт, кIэлъыплъыныгъэм щIэт пкъыгъуэхэу грамм 18950-рэ къытрахащ. Илъэсыр къызэрихьэрэ наркотикхэкIхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ республикэм къызэрагъэс канал 12 зэхуэтщIащ, абы республикэр Москва щIыналъэм, Краснодар краймрэ Ростов областымрэ пызыщIэ автогъуэгур къызэрагъэсэбэпыр хыхьэу, - жиIащ Шаповаленкэ К.

НаркотикхэкI хэлъу езыр-езыру къэкIхэр, хабзэм ебакъуэу хасахэр ди щIыналъэм и чэзум къыщыхутэным икIи гъэкIуэдыным теухуа «Iущхьэ 2019» Iуэхур ирагъэкIуэкI накъыгъэ-жэпуэгъуэ мазэхэм. Абы зыщыхуагъэхьэзырым КъБР-м щыIэ МВД-м къыщызэрагъэпэщащ IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкуэхэр зыхэт, ведомствэхэм зэдай штаб. Ахэр зэрызэдэлэжьэну щIыкIэри яубзыхуащ.

Iуэхур ирагъэкIуэкI Iыхьиблу гуэшауэ. ТIум къарикIуахэмкIэ езыр-езыру къэкI щIэпыр щраупщIыкIащ метр зэбгъузэнатIэ 41660-м, уголовнэ Iуэху 26-рэ къаIэтащ.

Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэкIхэр къызэраутIыпщ, къазэрыIэрыхьэ щIыкIэр къахутэн папщIэ МВД-м и ЦКС-м и кинолог, хьэ гъэса зыщIыгъур я гъусэу щIапщытыкI транспорт къэувыIэпIэхэр (гъущI гъуэгу вокзалхэр, аэропортхэр, автовокзалхэр).

Мы лэжьыгъэм къарикIуаращи, уголовнэ Iуэху 26-рэ къаIэтащ, уголовнэ жэуапым ирашэлIащ цIыху 21-рэ, административнэ жэуапым - 8.

Шаповаленкэ К. къызэрыхигъэщащи, наркотикхэкIыу килограмм 20-рэ грамм 482,8-рэ къытрахащ.

Давыдовэ Иринэ жиIащ:

- МВД-м и лэжьакIуэхэр жыджэру хэту едгъэкIуэкIащ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр. «Ди сабийхэм я узыншагъэмрэ я шынагъуэншагъэмрэ папщIэ» Iуэхум къызэщIиубыдащ еджапIэ 245-рэ икIи абыхэм щедгъэкIуэкIащ Iуэху 2600-рэ, цIыху мини 107-м щIигъу къызэщIиубыдэу. «Ажалыр щащэр жыIэ» наркотикым зэрыпэщIэт урысейпсо Iуэхур республикэм щыщекIуэкIым КъБР-м щыIэ МВД-м къыIэрыхьащ хъыбари 130-рэ, икIи абыхэм япкъ иткIэ уголовнэ Iуэху 37-рэ къаIэтащ. Ведомствэхэм зэдай «Урысейм и сабийхэр-2019» урысейпсо лэжьыгъэм щыщу едгъэкIуэкIа Iуэху 327-м хэтащ цIыху 7000-м щIигъу. А Iуэхум щыщщ еджапIэхэм, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм школхэм щылажьэ лагерхэм щыIэхэм дазэрепсалъэр, наркотикым и зэраныгъэм теухуа документальнэ фильмхэм зэредгъэплъыр, зи гугъу хуэтщIахэр зэрыт тхылъ цIыкIухэр зэрахуэдгуэшыр.

КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым хэт Мэкъуашэ Руслан жиIащ къытщIэхъуэ щIэблэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэр зэрысэбэпыр, абы полицейхэм фIыщIэ яхуищIащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкІ гъэфІэІуауэ махуэ къэс банкІ мелуан хуэдиз къыщІагъэкІ

КъБР-м и агропромышленнэ комплексым хиубыдэ предприятэхэм пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкІ консерву къыщІагъэкІыр дызэрыт илъэсым махуэ къэс банкІ мелуаным нагъэсащ. А продукцэ лІэужьыгъуэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым щыпашэщ: УФ-м щащэ консерв банкІиплІ къэс етхуанэр ди республикэм ейщ.

КъБР-м хадэхэкІыу къыщрахьэлІэжьыр гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу инновацэ технологиехэр къыщэгъэсэбэпым, мэкъумэш хозяйствэм хузэщІагъэуцу инвестицэхэм зарыхагъахъуэм и фІыгъэкІэ. Иджыпсту Прохладнэ районым аргуэру зы заводыщІэ ухуэныр щынагъэбгаупэ, помидор пІыгІауэ гъэ къэс тонн мин 33,5-рэ къыщІигъэкІыну.

А предприятэр и зэфІэкІ псомкІи КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и ІэщІагъэлІхэм къызэрабжамкІэ, республикэм пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкІ консерву гъэ къэс условнэ банкІ мелуан 500-м нэс щагъэІнунущ, абы щыщу банкІ мелуан 300 хуэдиз нэгъуэщІ щыпІэхэм ирагъэшэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Щалэгъуалэ Іуэху

ХэкІыпІэ къалъыхъуэ

Налшык къалэ администрацэм Егъэджэныгъэмкіэ и департаментым иригъэкІуэкІащ «стІол хуэрей» мардэм тет зэІущІэ.

АР теухуат наркотик зыщэхэм унэзэтетхэм я блынхэр къагъэсэбэп зэрыхъуамрэ абыхэм уаэзэрыпэщІэтынымрэ. Апхуэдэ рекламэ жьгъейхэр лъыхъуэм къегъуэт. Псом нэхъ шынагъуэрщ, а Іуэхум къыхашэри къыгъэсэбэп ныбжьыщІэхэри.

ЗэІущІэм хэтащ Урысейпсо ЦІыхубэ фронтым и щІыналъэ къудамэм и лэжьакІуэр, къалэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэ Іуэхуэмкіэ и управленэм, КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ и министерствэм,-хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, республикэм и Жылагъуэ палатэм и ЩІалэгъуалэ советым я лІыкІуэхэр. ОНФ-м хэтхэр тепсэлъыхьащ тхыгъэ шынагъуэхэр зытет блын кэрэкъагъуэтурэ зэрагъэхьэбзам. Абыхэм ягъэбелджылащ наркотикхэр зыщэхэм я телефонхэр. Псом нэхъ шынагъуэр апхуэдэ тхыгъэхэр едэкІэ Іэнатіэхэм пэгъунэгъу унэхэм нэхъыбэрэ узэрыщрихьэлІэрщ.

ЕгъэджэныгъэмкІэ департаментым класс щІыб лэжьыгъэхэмкІэ и къудамэр зи Іэмыщ1э илъ Тхьэгъэпсо Светланэ къыхилъхьащ еджапІэхэм наркотикым пэщІэтынымкІэ плъырплІэхэр къыщызэгъэпэщын хуейуэ. ЗэІущІэм хэтахэм унэ зэтетхэм щыпсэуэхэр къыхураджащ апхуэдэ дамыгъэхэм гу зэрылъатэу трагъэкІыну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лий Адэлджэрий Іэмырбий и къуэр

Бадзэуэгъуэм и 31-м и ныбжьыр илъэс 77-м иту дунейм ехыжащ медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, УФ-м, Дагъыстэн, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм щІыхь зиІэ я дохутыр, Медицинэмкіэ Евразие Академиемрэ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ хэт профессор Лий Адэлджэрий Іэмырбий и къуэр.

ЦІыхум гущІэгъу хуэщІыныр Іэщ1агъэкІэ пщэрылъ зэрыхъухьуам нэмыщІ, къызыхуэтынщІэу гъашІэ езыхэкІыфа нэхъыжьхэфІым теухуа хъыбар гущІыхьэр зи жагъуэ мыхъуа гъэтыгъуейщ. Мин пщІы бжыгъэкІи щхьэдэхынщ Адэлджэрий узым къэІэщІихахэр. «ЦІыхухэурэ цІыху цІыкІури си дежкІэ сымадж къудейщ», - жиІэу цыхтащ езыми. Едэжьфын щхьэкІэ хьэкугъэплъу сымаджэщым іэнэ щыщІидзэри, къэрал унафэщІхэм зрагъэІэзэну къалъхьэу дохутыр кІыщІыкІат Лий Адэлджэрий. Ауэ щІыхьэкІэ, дохутыр ІэщІагъэр къыщІыхихар тхы уз къызэуэлІа и адэр игъэхъужьын папщІэт.

Лий Адэлджэрий Іэмырбий и къуэр БжьэдыгъукъалэкІ (Краснодар) крайм хиубыдэ Успенскэ щІыналъэм хыхьэ КъанокъуэкІуэжьэм 1942 гъэм гъатхэпэм и 16-м къыщалъхуащ. Зауэ нэужь лъэхъэнэм хиубыда ныбжьыщІэр япэщІыкІэ щІэтІысхьащ Армавир дэт медицинэ училищэм. Едэжь-пІэри армэм къулыкъу щыщІэн Іэхъуэ зэфІигъэкІа нэужь, абы и щІэныгъэм щыпещэ Ставрополь медицинэ институтым. Едэжьым зэрыпэрытым хуэдэу, химреактивхэр щагъэхъэзыр заводым щылажьэуэрэ, Адэлджэрий абы къедза санаторий-профилакторийм и унафэщІу ягъэуващ. А заводым епхауэ къызэрагъэпэща «Люминофор» сымаджэ елъэпІэрпэ Лийм щІэныгъэ хуэунэтІа япэ лъэбакъуэхэр щичар.

Адэлджэрий и Іэщ1агъэкІэ невролог. Неврологием и къуэпсу жьинІэ хъунущ «мануальная терапие» жыхуаІэу къупщхь узыфэхэм елъэныкІэ Лийр Іэзэ дыдэ зыхуэхъуа медицинэ къудамэр. Лэжьыгъэмрэ теориемрэ здэзыхь адыгэ щІалэр 1982 гъэм Нартсанэ (Кисловодск) дэт «Луч» санаторэм и нэхъыщхьэу ягъэуващ. 1989 гъэм ар Ставрополь дэт медицинэ институтым и мануальнэ терапиемкІэ и кафедрэм и унафэщІщ.

Адэлджэрийщ 1988 гъэм япэ дыдэу Урысейм «Мануальнэ терапиемкІэ кафедрэ» къыщІэзыгъэхар. Апхуэдэ дыдэу Лийм япэу утыкум кърихьащ вертеброневрологие Іэзэкіэ Іэмалыр. Къупщхьэ узыфэ псоми я кІэжьалІэпІэхэр псантхэ мыузыншэхэр арауэ зэрыщытыр наІуэ къыщІа нэужь, Лий Адэлджэрий сымаджэ къэзымыкІухьыжьфхэм зэрелъэзапхъэ Іэмалыщ1эхэри къигъэІуащ. Нобэ вертеброневрологием илъэныкъуэкІэ щІыхь зиІэ я дохутырщ, КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм цІыхубэ дохутыр цІэ лъапІэр щыфІащащ. 2012 гъэм Адэлджэрий КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ хъуащ.

Профессор Лий Адэлджэрий и лъэ зытемыува щІыналъэрэ игъэхъужа цІыхухэм я бжыгъэмрэ къэпхутэну гугъуеу. Политикэм, гуэздзэм, щэнхабзэм, спортым, экономикэм я «ваГуэзэр» зи Іэ Іэщ1экІа цІыхубэ дохутырым дежкІэ сыхьэт тІум хуэдэт. Ар зэІэзэхэм ящІыщІу политик цІэрыІуэху Горбачёв Михаил, Ельцин Борис, КІуэкІуэ Валерий, Мамхэгъ Михаил, Молдовэм я президентхэу Воронин Владимир, Лучинский Пётр, КъэзакъстанымкІэ президент Назарбаев Нурсултан, усакІуэхэу Мэшбашіэ Исхьакъ, Гамзатов Расул, уэрэджьыІакІуэ Лещенкэ Лев, кІэнэжьыщІэхэри.

Щ1э бжыгъэ зыбжанэ мэхъу Лийм и Іэдакъэ къэщІэкІа щІэныгъэ тхыгъэхэр, кандидат, доктор диссертацэу пщІы бжыгъэм нэс и гъэсэнхэм пхагъэкІащ.

Дохутырым и пщІэр зыІэтыр цІыхур арэзыуэ зэрыбгъэзэкІыжырщ. Тхэр гъащІэкІэ зыхуэунэса цІыхум и узынщагъэр егъэфІкІуэныр Іэщ1агъэ зыхуэхъуа дохутыр тельыджэ дунейм щехыжкІэ, абы псэ зыІут псори хуощІыгъуэ, дэри абыхэм дащІэщІщ. ЦІыхум гукъэуэ щхьэщ1ыхэм пщэрылъыр и напэр къабзэу езыхьэкІа Лий Адэлджэрий гукъеузэншэу щыпсэуэн Ахърэт нэху игъэтыжауэ Тхьэм къыщІигъэкІ! Дэ ар зэи тщыгъупщэнукъым.

Щ1эныгъэмкіэ Дунейпсо Адыгэ Академиер, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ, Щэнхабзэмкіэ, Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущ1апІэхэмкІэ и министерствэхэр, Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лъапкъ - щэнхабзэ автономиер, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьмахуэ» журналым я лэжьакІуэхэр.

Бахъсэн псым телъ лъэмыжыр зэгъэпэщыжын яухри къызэІуахыжащ

Прохладнэ - Бахъсэн - Іуащхьмахуэ автомобиль гъуэгум и 93-нэ километрым хуэзэу Бахъсэнырсым телъ лъэмыжыр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ.

ІЭЩІАГЪЭЛІХЭМ лъэмыж лъэкъуэхэр щІагъэбыдыкІащ, абыхэм ящыщ язынык1уэхэр зэрахъуэкІащ. Лъэхъэмрэ автомашинэхэмрэ шынагъуэншэу зекІуэн папщІэ лъэныкъуэкІым дэкІуэ гъучІ хъарэ метри 100-м щІигъу зэрагъэпэщащ.

Ар зэІэзэхэм ящІыщІу политик цІэрыІуэху Горбачёв Михаил, Ельцин Борис, КІуэкІуэ Валерий, Мамхэгъ Михаил, Молдовэм я президентхэу Воронин Владимир, Лучинский Пётр, КъэзакъстанымкІэ президент Назарбаев Нурсултан, усакІуэхэу Мэшбашіэ Исхьакъ, Гамзатов Расул, уэрэджьыІакІуэ Лещенкэ Лев, кІэнэжьыщІэхэри.

Щ1э бжыгъэ зыбжанэ мэхъу Лийм и Іэдакъэ къэщІэкІа щІэныгъэ тхыгъэхэр, кандидат, доктор диссертацэу пщІы бжыгъэм нэс и гъэсэнхэм пхагъэкІащ.

Дохутырым и пщІэр зыІэтыр цІыхур арэзыуэ зэрыбгъэзэкІыжырщ. Тхэр гъащІэкІэ зыхуэунэса цІыхум и узынщагъэр егъэфІкІуэныр Іэщ1агъэ зыхуэхъуа дохутыр тельыджэ дунейм щехыжкІэ, абы псэ зыІут псори хуощІыгъуэ, дэри абыхэм дащІэщІщ. ЦІыхум гукъеузэ щхьэщ1ыхэм пщэрылъыр и напэр къабзэу езыхьэкІа Лий Адэлджэрий гукъеузэншэу щыпсэуэн Ахърэт нэху игъэтыжауэ Тхьэм къыщІигъэкІ! Дэ ар зэи тщыгъупщэнукъым.

Щ1эныгъэмкіэ Дунейпсо Адыгэ Академиер, Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр, КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ, Щэнхабзэмкіэ, Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхущ1апІэхэмкІэ и министерствэхэр, Урысейм щыпсэу адыгэхэм я лъапкъ - щэнхабзэ автономиер, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьмахуэ» журналым я лэжьакІуэхэр.

Дакъикъихым пенальтитІ къытхурагъауэ

● Футбол

«Черноморец» (Новороссийск) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (1:0). Новороссийск. «Центральный» стадион. Шыщхьэ1уп и 1-м. ЦІыху 1200-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Шишкин (Тамбов), Харченкэ (Астрахань), Магомедов (Шэрэдзэчкъалэ).

«Черноморец»: Зайцев, Мироник, Ахмеджанов, Джамалутдинов, Пономаров (Мальковский, 61), Чабанов (Захаров, 58), Магомедов, Миносян (Гаранжа, 65), Шабичев (Волков, 78), Клочков (Пацев, 46), Дибиргаджиев.

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Сындыку (Запалацкий, 76), Ольмезов, КІэдыкІуей, Белоусов, Машэжь, Іэпщ1ашэ (Салахетдинов, 90+3), Дэхэу (Шаваев, 74), Хьэшыр (Іэщын, 90+2), Ашу (Апажэ, 77), Бацэ.

Топхэр дагъэкІащ: Дибиргаджиевым, 10 - пенальтикІэ (1:0). Хьэшырым, 63 (1:1).

Дагъуэ къыхуащІащ: Сындыкум, Щоджэным, Ольмезовым, Клочковым, Хьэшырым, Іэпщацэм, Джамалутдиновым, Белоусовым, Мироник, Ахмеджановым, Бацэм.

ЕплІанэ дакъикъэм Чабановым пенальтир худэгъэкІакъым.

МЫБЫ и пэ къихуэу командитІми зэІущІэ гугъуэгъэ щІагъэкІуэкІат Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьыныкІэ зэхьэзэхуэм. Джэгум хухаха зэманыр яхуримыкъуу ахэр я хьэрхуэрэгъуэхэм сыхьэт тІурытІым щІигъукІэ еныкъуэкъуат икІи я къарур зыкъомкІэ щІихат. Абы щыгъэми, текІуэныгъэхэр зыІэрагъэхьати, гукъыдэж хъарзынэ яІэт.

Новороссийскэ щызэхэтыну зэІущІэм дэ тфІэхьэлэмэту дыпэплъэрт. ШІхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр - «Спартак-Налшыкымрэ» «Черноморец»-мрэ я гъуэзэм зы анэм къилъуа зэкъуэшит1 дэтынкІэ зэрыхъунурат. Арщхьэкіэ ди командэм и капитан Щоджэн Зауирис зи пашэ гупыр сыт щыгъуи хуэдэу губгъуэм къришами, абы и къуэш нэхъыщІэ Азэмэт апхуэдэ Іэмал хэгъэрейхэм зэкІэ кърагъэкъуэн. Хэт ищІэн, етІуанэ къекІуэкІыгъуэр Налшык щыщекІуэкІыным ирихьэлІэу зэкъуэшхэр зи гъэпщІэтыныгъэм деплъынкъыщІэкІынщ. Ар хьэлэмэт хъунут!

Хуабжьу удэзыхьэщ вэсэмахуэрей зэІущІэри. Ар нэхъыбэу зи фІыгъэр джэгум и судья нэхъыщІэхэ Тамбов къикІа Шишкинращ. ЗэІущэм и епІлІанэ, епщІанэ дакъикъэхэм абы «Спартак-Налшыкым» и гъэзэм пенальтитІ новороссийскэдэхэр къыригъэзащ. Япэм Щоджэным къыригъэзащ, етІуанэм зыри хуещІакъым. Абы дигу кІигъэкІыжащ илъэс зытІущ ипэкІэ Іофыпхэ жылагъуэм щыІэу налшыкдэхэм я гъуэзэм зэІущІэм и япэ дакъикъиблым пенальтитІ къарагъэуауэ зэрыщытар. ЕтІуанэ дивизионым апхуэдэ куэд щыпІэгъэнущ.

Хуабжьу удэзыхьэщ вэсэмахуэрей зэІущІэри. Ар нэхъыбэу зи фІыгъэр джэгум и судья нэхъыщІэхэ Тамбов къикІа Шишкинращ. ЗэІущэм и епІлІанэ, епщІанэ дакъикъэхэм абы «Спартак-Налшыкым» и гъэзэм пенальтитІ новороссийскэдэхэр къыригъэзащ. Япэм Щоджэным къыригъэзащ, етІуанэм зыри хуещІакъым. Абы дигу кІигъэкІыжащ илъэс зытІущ ипэкІэ Іофыпхэ жылагъуэм щыІэу налшыкдэхэм я гъуэзэм зэІущІэм и япэ дакъикъиблым пенальтитІ къарагъэуауэ зэрыщытар. ЕтІуанэ дивизионым апхуэдэ куэд щыпІэгъэнущ.

63-нэ дакъикъэм Хьэшыр Алан дахэ дыдэу бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжьфащ, къыпежэжьа гъуащхьэхъумитІым я зэхуакум дэцІэфтри. Адэкіи ди щалэхэр текІуэныгъэм нэхъ пэгъунэгъуащ икІи тепщэныгъэр зыкъомрэ яІыгъащ. Арщхьэкіэ джэгур 1:1-уэ иухащ.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгуГуэм къыригъэ бжыгъэхэм: «**Алания**» (Владикавказ) - «**Анжи**» (Мэхъачкъалэ) - **2:1**, «**Краснодар-3**» (Краснодар) - «**Легион-Динамо**» (Мэхъачкъалэ) - **4:1**, **Мэхъачкъалэ**» (Мэхачкъалэ) - «**Урожай**» (Краснодар) - **2:0**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **1:2**, «**Волгарь**» (Астрахань) - «**СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхабзэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **0:0**, «**Интер**» (Черкесск) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **1:0**.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм икІи ткІэ къыкІэлъыкІуэ зэІущІэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкІуэкІынущ. Шыщхьэ1уп и 9-м абы къригъэблэгъэнущ «Краснодар-3»-р. Нэхъапэжкіэ, блыщхь къакІуэ, зэхэтынущ къэралым и кубокыр къэхьыныным текІуэныгъэ зэпеуэм и финалым и 1/64-нэ Іыхьэм хыхьэ джэгуГуэ. Налшыкдэсхэм я хьэщІэныр Черкесск и «Интер»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019-2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	0.
1. **«Дружба»**	**3**	**3**	**0**	**0**	**4-1**	**9**
2. «Краснодар-3»	3	2	1	0	7-3	7
3. «Волгарь»	3	2	1	0	4-1	7
4. «Динамо-Ставрополь»	3	2	0	1	6-2	6
5. «Мэхъачкъалэ»	3	2	0	1	3-1	6
6. **«Спартак-Налшык»**	**3**	**1**	**2**	**0**	**6-4**	**5**
7. «Легион Динамо»	3	1	1	1	3-5	4
8. «Интер»	3	1	1	1	2-4	4
9. «Алания»	3	1	1	2	4-5	3
10. СКА	3	1	0	2	2-3	3
11. «Биолог-Новокубанск»	3	0	3	0	2-2	3
12. «Анжи»	3	0	2	1	3-4	2
13. «Черноморец»	3	0	2	1	2-3	2
14. «Мэшыкъуэ-КМВ»	3	0	2	1	1-2	2
15. «Урожай»	3	0	1	2	1-5	1
16. «Спартак-Владикавказ»	**3**	**0**	**0**	**3**	**0-4**	**0**

● Хъыбарегъащ1э

Инджылызыбзэр зэвгъэщІэну фыхуеймэ

Инджылызыбзэкіэ хуиту фыпсэлъэфу фригъэсэнущ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щылэжьа цІыхухэм. Ар ядэлэжьынущ сабийхэми балигъхэми.

ФызыщІэупщІэм щыІэмэ, фыпсалъэ хъунущ **8-928-704-09-56** телефонымкІэ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэ1уп и 3, *щэбэт*

♦Къэзахъстаным щагъэлъапІэ транспорт Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэр

♦1778 гъэм Милан къыщІэзІуахащ «Ла Скала» оперэм и унэр.

♦1799 гъэм урысеидзэм и кхъухьэр Тыркум япэ дыдэу хуит ищІащ Босфор пчы дэжьапІэм къыпэрмыкуу дигъэкІыну.

♦1783 гъэм Куржым (Грузием) и КъухьапІэ лъэныкъуэр Урысейм хыхьащ.

♦1942 гъэм Зыхъумэжыныгъэмкіэ Налшык комитетым зыхъумэжыныгъэмкІэ гупхэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къищтащ.

♦1952 гъэм Хельсинки щызэхуащІыжащ XV гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Абы япэ дыдэу СССР-м и спортсменхэр хэтащ.

♦1959 гъэм Москва къыщызэІуахащ къэрал куздым я лІыкІуэхэр зыхэта япэ кинофестивалыр.

♦1980 гъэм Москва щызэхуащІыжащ XXII гъэмахуэ Олимп Джэгухэр.

♦1994 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Бгырысхэм я дунейпсо конгресс.

♦Молдавием щыщ уэрэджьыІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхуб егъэфІкІуэныр и напэ къыщІэкІа артисткэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр, Лениным и щІыхькІэ ягъэувауэ щыта саугъэтыр зыхуагъэфэща **Биешу Марие** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, скульптор, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зрата **БжэІумых Хьид** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Усакіуэ **КІэмыргуей Анатолэ** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Публицист, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мэшыкъуэ Тэзал** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Урысей хоккеист, дунейм и чемпион, Олимп Джэгухэм тІэунейрэ я чемпион, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Васильев Валерий** къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Джауржий Оксанэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Белоруссием щыщ биатлонисткэ цІэрыІуэ, дуней псом тІэунейрэ, Олимп Джэгухэм щэнейрэ я чемпионкэ **Домрачевэ Дарье** и ныбжьыр илъэс 33-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхьунущ.

Шыщхьэ1уп и 4, *тхъэмахуэ*

♦ГъущІ гъэзгу лэжьакІуэм и махуэщ

♦1777 гъэм Лондон дунейм щыпэу цирк къыщызэІуахащ.

♦1836 гъэм Москва и Кремлым и пщІантІэм щагъэувауэ Пащтых-Тхьэгъуэ жьыхаІэр. Щагъэжа щыпІэм дежи илъэсищэм нэблагъэкІэ щылъащ ар, тонн щитІым нэблагъэ и хьэлъагъэти, кхъухьэмыгъэхьэфыу. Архитектор **Монферран Огюст** ар къэпІэту бгъэлэпхъуэ зэрыхъуну Іэмалыр къигупсысри, шыщхьэ1уп и 4-м тхъэгъэшыр трагъэувауэ щытащ абы хуагъэхьэзыра пІагаліэм.

♦1888 гъэм Томск къалэм университет къыщызэІуахащ.

♦1892 гъэм Ульяновск Владимир (Ленин) хэкІыпІэ лэжьыгъэ иригъэкІыкІыну хуит ящІащ.

♦1902 гъэм къызэІуахащ Темзэ пчы щІагъэм щакъуэдия лъэс зекІуапІэр. Абы зэпищІат Лондон и хьэблитІ.

♦Америкэм щыщ джаз музыкант, композитор цІэрыІуэ **Армстронг Луи** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, дзэ оркестрымрэ хорымрэ я дирижёру щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь, КССР-м и цІыхубэ артист, Лениным, Сталиным я щІыхькІэ щыІа саугъэтхэр зрата, генерал-майор **Александров Борис** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦ЩІэныгъэ1, абхъаз-адыгэ бзэ гупыр джыным хэлъхьэныгъэшхэ хуэзыща, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Куржымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Рогавэ Георгий** къызэралъхурэ илъэс 114-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьыlакіуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Шыкъ Михаил** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Палестинэм и унафэщІу щыта **Арафат Ясир** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъущІэ, Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэу щыта **Абдулатипов Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Іэкіатэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦США-м и президенту щыта, Нобель и саугъэтым и лауреат **Обамэ Барак** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Кхъухьлъатэжэхэр, Урысейм и ЛІыхъжь **Цей Эдуард** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхьунущ.

Шыщхьэ1уп и 5, *блыщхьэ*

♦Светофорым и дунейпсо махуэщ

♦1914 гъэм США-м щыщ Кливленд къалэм щыфІадзащ икІи къагъэсэбэпу щыхуэжьащ япэ светофорыр.

♦1789 гъэм Франджым пщылІыгъэр щагъэкІуэдыжащ.

♦1884 гъэм дуней псом цІыхубэ щыхъуа скульптурэм - ЩхьэхуитыныгъэмкІэ и статуем - и лъабжьэр Нью-Йорк щагъэтІылъащ.

♦1940 гъэм Латвиер СССР-м хагъэхьащ.

♦1941 гъэм Одессэ къалэр фашист зэрыпхъуакІуэхэм ящыхъумэным теухуа зауэм щІидзащ. Ар махуэ 73-кІэ екІуэкІащ.

♦1943 гъэм Сталиным и унафэкІэ Москва хьэрэкІыпІэхэр щыдгъэгъэлъэтеящ. Хэку зауэшхуэм къищтахьа япэ текІуэныгъэхэм я щІыхькІэ - Орёл, Белгород къалэхэр хуит къызэращІыжам и саулыкъкІэ.

♦1956 гъэм Москва Лениным и цІэр зезыхьэ и стадионым къыщызэІуахащ СССР-м иц лъэпкъхэм я Япэ спартакиадэр.

♦1963 гъэм ядерпэ Іэщ1эр хьэуам, хьэрщым, псы щІагъым щымыгъэнэхуным теухуа Зэгурыlуэныгъэм Iэ щІрадзащ.

♦1975 гъэм Тюмень - Сургут гъущІ гъэзгум япэ мафІэгур иригъуащ.

♦1996 гъэм Урысейм къыщацтащ президент властым и дамыгъэхэр - УФ-м и Президентым и бэрэкъэр, Президентым и Хасэщ1эр, Урысей Федерацэм и Конституцэм и тхьылъ щхьэхуэр, къэралым и Президентым папщІэ къыдагъэкІар.

♦2016 гъэм Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) къыщызэІуахащ XXXI гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр шыщхьэ1уп и 21 пщІондэ екІуэкІащ. Адыгэхэм тхэфІащ а Олимпиадэр - **Мудрэн Беслъэн** дыщэ (дзюдо), **Джэду Іэниуар** (бэнэкІэ хуит) дыжьын медалхэр къыщахьат абы.

♦Рэпин Илья къызэралъхурэ илъэси 175-рэ ирокъу.

♦Урыс сурэтыщІ-живописеиц цІэрыІуэ **Репин Илья** къызэралъхурэ илъэси 175-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакІуэ **Ги де Мопассан** къызэралъхурэ илъэси 169-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ-уэрэдыс **Лебедев-Кумач Василий** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦Авиаконструктор, академик, Социалист Лэжьыгъэм тІэунейрэ и ЛІыхъжь, къэрал дамыгъэ лъапІэ, саугъэт куэд зыхуагъэфэща **Микоян Артём** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Мэхъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Хъаний Мирон** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артист, КъБР-м и цІыхубэ артист **Алэхъей Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщІэкІынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гум фІэІэфІыр нэм фІэдахэщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къэралым ей хъэщ

КъБР-м и Аруан район прокуратурэм и искым ипкъ ткІэ Урысей Федерацэм ей хьэщ Свидетели Иеговы христэн диным хабзэщІагъэкІэ Испанием ирита мылъкур.

АРУАН район прокуратурэм экстремизмэм пщІэтынымкІэ законодательствэр зэрагъэзащІэр къыщипщытэм къыщІигъэщащ 2017 гъэм Нарткъалэ щыІэ Свидетели Иеговы христэн дин Іуэхуг1апІэм, зэращІына гъэгурыlуэныгъэм икІи ихьэлІэу, Испанием щыІэ Свидетели Иеговы христэн дин конфессиемкІэ зэрыритар Нарткъалэ, Красная узрам, унэ №196-м щыІэ тхъэлъэlупІэ унэ метрэ зэбгъузэнатІэ 408, 3-рэ хъумрэ щІыуэ метр 1039-рэ.

Урысей Федерацэм и Суд Нэхъыщхьэм къищта унафэм ипкъ ткІэ къэдгъэлъэгъуэ организацэмрэ абы и къудамэхэмрэ экстремизмэм пыщІауэ къалъытащ, лэжьэну хуит ящІыркъым, икІи и мылъкур къэралым ей хъуащ.

Зыгъэхьэзырар
БАХЪСЭН Ланэщ.

Хьэту Пётр и сабий усэхэр

ПЩЭДДЖЫЖЬ ГУБГЪУЭ

Зэщlогъагъэ гъэмахуэкур -
Къещlыр пщэдджыжь пшэплъ,
Мы зэманым губгъуэ хэкум
И дахагъым феплъ!..
Зэщlогъагъэ гъэмахуэкур -
Пщэдджыжь пшэплъыр къещl,
Мы дахагъэр пфlощl и нэкуу -
Бзум уэрэд епэщl.
Дыгъэ бзийхэр зэщlопщlыпщlэ -
Къыпхуэмыубыд.
Уэсэпс цlыкlу къэсыхукlэ мыщlэу
Дыгъэ къыщолыд!
Пщэдджыжь пшэплъу нур
дахащэм,
Зэ щытар хъарпшэр,
Щlымэракlуэм хэбгъэгъуащэу,
Плъыжьу елэ пшэр.
Псыежэхыр мэlущащэ -
Жыгхэм доуэршэр,
Тут мэракlуэу ныхэщащэм
Бдзэжьеир ещlыр пшэр.
Зэщlогъагъэ гъэмахуэкур -
Къещlыр пщэдджыжь пшэплъ,
Мы зэманым губгъуэ хэкум
И дахагъым феплъ!..

IЭХЪУЭ ЦIЫКIУ

Пщэдджыжь пшэплъыр къещlыр,
Губгъуэм нэху егъэщ.
Напlэр зэтедмылъхъэу
Дыlэхъуэщ зы жэщ.
Вагъуэ цlыкlуэр уафэм
Хуэмурэ щокlуэщl.
Сэри сыlурехыр, -
Дадэ сиlэщ и куэщl.
Дадэ и хъыбархэм
Соплъыр сыздэжеим:
Сэ сы-Сосрыкъуэщ,
Сытесщ си Тхъуэжьеим...
Нартхэр щlыlэм есыр,
Ямыгъуэт Iэмал,
Мафlэ къахузохыр, -
Лъэпкъыр къызогъэл...
Си бжьамиим зэм солщэ,
Сэ сы-Ашэмэзщ,
Си насып-макъамэр
Нарт ауэым дэзщ...
Пщэдджыжь пшэплъыр къещlыр,
Хуэму нэхур мэщ.
Iэфlу сэ сожейри,
Дадэ сиlэщ и куэщl...

IЭНЭ ЩЫСЫКIЭ

- Данэ, дэнэ ущыlа?
- Нанэ дежь сыщыхьэщlащ.
- Нанэ сытхэр уигъэшха?
- Хущlэ пластlэ,
Адакъэщlэ,
Къалмыкъ шей,
Къуейплъыжь,
Шатэщlэ...
- Зэуэ пшха-тlэ уэ а къомыр?
- Хьэуэ, мамэ, тlэкlурэ хуэму...
Сымыпlащlэу себгъэсащ, -
Iэнэм дахэу сыщысащ.







ДИНЭ ГУАЩЭР ЕГЪЭIУЩ

Гуащэ цIыкIуу и псэ-и нэм,
Iэпэ хуищIу, жрелэ Динэ:
«Умыгубжь, умыщI нэщхъыдзэ,
Ещхь ухъунущ нэжьгъущIыдзэм.
Дахэ дыдэ уэ ухъунщ,
Дади нани къыпщытхъунщ,
Е хьэщIапIэ уэ укIуамэ,
Е ныбжьэгъухэм уахыхьамэ,
Хабзэ-бзыпхъэм утемыкI,
Гуапэ дыдэу пыгуфIыкI».

МЭД ЗЕГЪЭПСЭХУ

Нэхур мэщыр... Нэху щыпащ.
Пщэдджыжь пшэплъыр,
уей, къищIащ.
Къэушахэщ псэ зыпытыр,
Феплъыт хадэм, губгъуэм итым!
Iуэхуу щыIэр, уей, мымащIэ,
Къэтэджам зыгуэрхэр ящIэ:
Бзуэхэм шырхэм шхын къыхуахь,
Бжьэхэм удзым фэ къыпах...
ХъумпIэщIэджым (зи цIыкIуагъ,)
Къыкъуэмыщу зикI и къуагъ,
ФIэмыlIыкIыу и гугъуехь,
Нартыхэ хьэдзэ иныр ехь!..
Къазым шырхэр пщIантIэм
дешыр,
Жэнэтбзум уэрэд кърешыр...
Дадэ жэмыр Iэхъуэм деху...
Псоми гуапэу ижь къащIеху
Зиукъуэдийуэ махуэ тэджым...
Мэд и закъуэщ къэмытэджыр -
Ар щхьэхынэщ - ей, ей, ей! -
Къэтэджыну ар хуэмей!
Ар шэджагъуэ хъуху хэпlынущ...
Щымэжалlэрщ щытэджынур.

КЪЭБ

Къыхуэмыlэту уеблэм дадэ,
Танэжь бжьэ закъуэу илъщ
ди хадэм.
Iэр къемыкIуэкIыу инщи ар,
Яфlэтелъыдэжщ зэрыхъуар.
Цlыху куэди нобэ зэхуэсауэ,
Сытесщ абы, сагъэшэсауэ.
Хъуэхъу куэд хужаlэ ди унагъуэм,
Яхуэуохыжкъым - ягъэщlагъуэ.
Адыгэ фащэ сщыгъщи нобэ,
Ди хьэщIэ псоми жаIэ: «Тобэ!..»
Къикlащ газетми сурэтгех -
Абы сурэт сэ къыстрех...

БЖЬЫХЬЭ УАФЭ

Зэкlуэцlычу, - тобэ, тобэ! -
Нобэ уафэм зегьэщlагъуэ -
Ар мэгъуагъуэ, зыкъбегьэпщ,
Лъащэ хуэдэщ нобэ Лъэпщ;
Жьы Iэпщащэми егъахъэ,
Бахъэр кIыщым щIеутIыпщыкI,
Пшэ гуэрэнхэр ныбэ пщIапщIэ
Шы къарапцIэу щIоущыкI...

КЪЫУ ХУЖЬ

Жьы еIуящIэр къыкъуэуащи,
Бдзэжьеящэм зридзащ,
Упщlэ пыlэ хужь дахащэр
Къыщхьэрычри псым хидзащ;
Пфlощl иджы ар гуэлым
щылIэу, -
Къыу мэхам и гъащIэм пыкI:
Е псы Iуфэм къемысылIэ,
Е абы темылъэтыкI...

ЗООПАРКЫМ

ЗЕБРЭ ЩЫЩIЭ

Щыщlэ цIыкIуу шы къуэлэныр
Имызагъэу хъарым исщ,
Игъэзащlэу и къалэныр,
Ар зыгъашхэри кlэрысщ.
Къижыхыну шыщIэм
фIэфIщи,
Кърат псор фIэгурымыхьщ...
Шы «хыдзэлIым», гугъэр Iэфщи,
Хы-губгъуэшхуэхэр и пщIыхьщ.

ХЬЭIУЦЫДЗ ШЫР

Убгъэдыхьэм, зэуэ къаскIэу,
Хьэlуцыдзыр ешхьщ хьэмаскIэм,
Къыщолъэтыр, зикI мызагъэ,
Шынэ пфlэщlу, анэ къуагъым
Зыкъуегъапщкlуэ, къыкъуокIыж,
Къупщхьэ щылъыр игу къокIыж,
Абы йогъур, игу икIау,
Ауэ банэркъым: «Кlау-кlау!..»

ЩЫХЬ ШЫР

Зэкlэ псыгъуэхэщ и лъакъуэр,
Жыгым ещхьу теткъым бжьакъуэ,
Зэкlэ ахэр къытекlакъым,
Зэкlи и фэм хэкlыжакъым
Адкlэ-мыдкlэ тет Iэпапlэр.
КърегъэлIыкыр щытщ и напlэр...
Ар иджыри щыхь шыр цIыкIущ,
Хуэпщlи хъунукъым емыкIу.

ХЬЭРЭШКIЭ

Феплъыт, кхъыlэ, хьэрэ
шкlащIэм,
Зимытхьэщlу пфlощI игъащIэм.
Феплъ абы кlэрылъыр ятlэу!..
Фlэфlщ хэлъыну хьэршытlатIым.

ПЫЛ ШЫР

Тхьэкlумэшхуэщ, и пэр кIыхьщ,
Жыlэдаlэщ, мыкъыин,
Сыт къэкIыгъи фIэгурыхьщ,
Щlыми теткъым шыр нэхъ ин.

КЪАПЛЪЭН ШЫР

Си гъущI хъарым и гъунэгъуу
Фыщымытыт, жьэр фущIау,
Схэлъыр мащIэщ сэ гущIэгъуу,
Сы-Къаплъэнщ сэ, сымы-Нау!..

МЫЩЭ ШЫР

Мыщэ шырым сытри ешхыр,
Сыти ет - зимыгъэгусэ:
Шы-бычеи, фори ешхыр,
Ешх кlэнфети, мыIэрыси...
Мес, хуэздза лы гъурыр ешхыр,
Фlэфlуи жаlэ мырамыси!

БАЖЭ ШЫР

Бажэр, шырми, бзаджэу жаIэ,
Ищlэу къэгъэпцlэкlэ куэд...
Ауэ и бзаджагъэр даIэ?
Хъарым исщ, езыри уэдщ.

МАХЪШЭ ШЫР

Махъшэр пфlощI зэхэуфауэ:
Шхын тхьэмыщкIэм ирамыт...
Iусу пэгунитI ефауэ,
Дэщlыгъуэ гуэри тэплъэу щытщ!

ДЫГЪУЖЬ ШЫР

«Дыгъужь» жиIэу тетщ и хъарым,
Ауэ исщр хьэпшыр цIыкIущ,
И анэжьри ди хьэ Марэ
Къыщхьэщыкlыркъым зыцIыкIу.

НОМИН ШЫР

Номин шырыр ист нэщхъейуи,
Сэ абы сыбгъэдыхьащ,
Къыхуэзхьар щыхуэзущкъуейм,
Нэжэгужэ къэхъужащ.
СыкъецIыху, къызэсэжауэ,
Ест бананхэр Iэфlу ешх.
Иджы, мис, къэтIысыжауэ,
ЦIыхум хуэдэу мэдыхьэшх.

БЗУ ПШЫНАЛЪЭ

ВЫНДЫЖЬ

Вындым нэхърэ нэхъ фIыщIэжу,
Псом я щыжу и гугъэжу,
«Зекlуэ» ежьэ къуалэбзухэм
Япэ иту къегъэзэжыр.
Зигъэпагэ-зигъэткIийуэ,
И хьэл мыгъуэщ абы кIийуэ,
Пэшхуэ хъужу, пкIатIэ-лъатэу,
Гъатхэ губгъуэм гу щылъатэ.
Шымышынэу трактор гъуахъуэм,
Ар пхъэIэщэм итщ и ужьым,
Хьэпlащlэжьэр химыгъэкъуэу,
Дохутыр Iэззщ а бзуужьыр.

КЪЫУХЭМ Я СУРЭТ СОЩI

Псым щес къыухэм дахэкIейуэ
Защl, загъэпскIыр - хьэлэмэтщ,
Къабзэкlейуэ хужь чэщейми,
Нэхъ кьабзэж защIыну хэтщ.
Дэ ди нани ар къызжеIэ:
«Зыптхьэщlыхукlэ - къабзэ
уохъу...»
Зэпымыууэ стетщ и нэIэ,
Лlы сыхъуныи къызохъуэхъу.
Сэри, зэи сымыщхьэхыу,
Игъуэ къэскIэ зызотхьэщI...
Мы къыу хужьхэм, сыдэхьэхыу,
Я сурэтыр къызогъэщI.

КЪАШЫРГЪЭ

Гъатхэр кьихьэмэ, къашыргъэм
Хедзэ пщIантIэр зыргъэшыргъэ,
Ди джэдкъуртри мэгужьей -
Теубгъуэуэ тесщ джэдкъейм.
Ауэ бзухэм кхахуэмыщIэ
А къашыргъэм и гурыщIэр:
Ар джэдкъазым хуэмыныкъуэ,
Зэщэри къуажэ тхъэрыкъуэщ.

ГЪАТХЭ КЪУАРГЪ

Щlыпlэ хуабэхэм щылауэ,
Къэкlуэжащи къуалэбзухэр,
Я уэрэд зэщIэIэтахэр
Адкlэ-мыдкlэ къыщозухэр.
Псы инам Iухьащи къуаргъыр,
Зелъагъужри, къогумахэ:
«Мыр сыт-Iей мы фIыщIэ
слъагъур?
Сэ нэхъ куэдкIэ сынэхъ дахэщI!..
Дэнэ укъикIауэ зыпщIэ,
Дадий пкъыхэ щIыIэпIэхьм?
Умыуцlэпlу мы си щIыпIэр,

Ад-дэ слъагъуу зыIуегъэхыт!..»

ЖЬЫНДУ ШЫР

Жейбащхъуэнэщ жьынду шырыр,
И нэр къижми, ар мэжей,
Жэщыращ къыщыушынур,
КIыфI хъум - Щакlуэхэ ярейщ.
Дамэдууэ тесщ къудамэм, -
Махуэм дзыгъуэхэр и пщIыхьщ,
Быдэщ, жанщи и лъабжьанэр,
Жэщым ахэр и пшэрыхьщ.

КЪРУХЭР

Уэсыр, мылыр текIыжащ,
Къурухэм, мес, къагъэзэжащ,
Зэпэджэжхэуэрэ мэкIий,
Зэхуахьэс мэкъу щабэ, чы, -
Жыгыжь щхьэкIэм абгъуэ щащI,
Унагъуэщlэ лъэщ къагъэщI.
Дади жеIэ: «Зым хуэмыдэу,
Я жьэгупащхэр къурухэм быдэщ,
Зым Iэпыхэр зым къиштэжу,
Зэдопсэуэхэр зэхуэпэжу».

КЪУРШЫБГЪЭ

1
Къуршыбгъэжьыр тесщ аранэм,
Щхьэукъуауэ пфlэщIми ар,
Зы дурэши къимыгъанэу
Доплъэ, - арщ щIетIысэхар.
Инжь-ижьыжу къурш хъумакIуэщ,
И гъунапкъэр зэхепlъыхь, -
Ер зигу илъу хамэ къакIуэр
Нартыжь хабзэу иреlыхь.

2
Къуршыбгъэжьыр сыту ин,
Зэи щыщIэркъыр ар шхын,
Къуалэбзухэм я пащтыхьщ,
Щlэжьеи псори и пшэрыхьщ!
И дамитIри - уэтIыптIы! -
Ишэщlамэ, мэхъу метрит...
Сыт абы уезауэкIэ?
Ухигуэнущ дамэкIэ!

ПСЫХЭУЭ

Псыхэуэжьу лъакъуэ кIыхьыр
И пщэр хишу псыпщIэм хэтщ,
И зыщIыкIэм сыт кърихыр?
Къыпфlегъэщlыр тIэкlу хухэт.
Щэхурэ сакъыу, зокIуэ хуэму,
И мурадыр тхъэм ищIэнщ,
Зэззмызи псыпщIэм хоуэ,
Сеплъэкlуэнщи ар къэсщIэнщ.

КЪУАНЩIЭХЭР

Ди шыгъуэгум щхьэгъубжэм
хуэзанщIэу
Щыт кхъужьеим щепсыхащ
куэду къуанщIэ,
Ину кIакIэу, яIэту я дамэр,
Зэрызехьэу тесащ жыг къудамэ...
Къыпфlэщlынщ ялъэгъуар
жаIэжауэ,
Щыгэпеуэу абдеж, ежьэжауэ.
Согупсысри иджы лъэтэжахэм:
Хъыбар лъэныкъуэ къыscфlощI
ежьэжахэу.

УЭГУНЭБЗУ

Пщэдджыжь бзыгъэу уэгум
йохъэ,
Налкъут щыгъэу зэрощэщ,
Макъ гуакIуащэу къощэщэхри,
Жьыбгъэу удэхэм йопэщэщ.
Сыту дахэ губгъуэ хуитыр,
Епэр къафэм хьэщыкъ уащI!
Къэушахэу псэ зыпытыр,
Уафэм итым фIыщIэ хуащI.

ДЖЭДКЪУРТ

Къашъхьэщыхьэмэ кашыргъэ,
«Къурт-къурт!» - жиIэу мэгужьей,
Джэдкъаз пщIантIэ
хьэргъэшыргъэм
Кхахешыжыр и джэджьейр,
Щlегъэтlысхьэ дамэ щlагъым,
Теубгъуауэ ящхъэщысщ...
Мо бзуужьу зи инагъым
Зы джэджьеи къыlлымыс.

УЭСБЭУУПЛЪХЭР

Бжьэхуц щабэ-тхыпхъэщIыпхъэу,
Уэсыр къосыр, щIыр есей,
Сурэттехкlэ къытехыпхъэу,
Дуней псогуэр уэсчэсейщ.
Чэщейщыкъуу уэсыр къабзэщ...
Уэсбзууплъхэм дзыхь къуагъэз,
Iус хуэспхъащи, мэбзэрабзэ, -
Мыlэрысэу жыгхэм фIэщ.

КЪУАЖЭХЬХЭР

* * *
И шыр цIыкIухэм хуэмеижу,
И джэдыкIэр хыфIедзэжк,
Махуэ кIыхьым мыувыIэжу,
И цIэ дыдэр къреIуэж.

* * *
(КIыгуугу)
А бзу цIыкIум, дзыхь
къытхуешIри,
Щхьэгъубжащхьэм абгъуэ щещI,
Iупэ гъуэжь хъужауэ шырхэр
«ЦIу-цIу» - жаIэу къыщыреш.
(ПцIащхъуэ)

* * *
Пхъэ унэфI хуэтщIащ
уэрэджьыIакIуэм,
Къигъэзэжмэ, ар
щIэтIысхьэжынщ,
Щlыпlэ хуабэм гъэкIэ «зекIуэ»
макIуэ,
Щилъэгъуар абы -
къыджиIэжынщ.
(Бжэндэхъу)

* * *
Ар къуршыбгъэм и Iыхьлыщ,
Ныбгъуи, дзыгъуи - фIэфIыр лыщ.
Ар щохуарэз уафэ къащхъуэм,
Губгъуэзрысым и цIэр: ...
(Бгъащхъуэ)

* * *
Щlыпlэ хуабэхэм мыlъатэу,
Къуалэ фIыщIэу ар макъейщ,

И пэ гъумыр хуэдэщ джатэм,
Зэуlу псори къеГъэхъей.
(Къуаргъ)

* * *
И кIэ кIыхьыр игъэсысу,
ПфIощIыр псоми ар щIэнакIэу,
КъауГъэшыр жыг щхьэкIэм пысу
Инрэ жьГъырууэ, уей, мэкIакIэ!
(Къанжэ)

* * *
Абдж уэзджынэ цIыкIуу
жьГъыруубзэм,
Дыгъэ бзийкIэ уэгум кIэрыщIам,
Дахэ дыдэ и уэрэдым, и бзэм
Ди губгъуэшхуэм гъэр сэ
сыщищIащ.
(Уэгунбзэу)

* * *
Нэхущпежьэ-жьырытэджым
Къеlэт зэуэ уи гунэджыр:
УкъеГъэущ, - уэрэд пхуеус, -
Мы дуней псом ирех фIэхъус!
(Уэрэдзэу, Амкlыщ)

* * *
Губгъуэ-бгыlъэр зи хэщIапIэр,
ЦIыхум я гур зэригъабгъэу,
Хидзэу хьэрГъэшыргъэ
пщIантIэр,
Джэджьей цIыкIухэм ар
хуэпабгъэщ.
(Къашыргъэ)

* * *
Сыджыр мажьэу, ажэ жьакIэу,
Зи пэр кIыхь кьуэлэнпщIэлэн
Гъатхэ къэскIэ «ВакIуэ
дэкIыт!» -
Къыджиlэну и къалэнщ.
(Хьэрхъуп)

* * *
Махуэм итщи ут гущIыIум,
Яхуэспхъа сэхураныр яшх,
«Къур-къур» - жаIэу, лъэм
йоуIури,
КIунэ цIыкIу ягъэдыхьэшх.
(Тхъэрыкъуэ)

* * *
ИщIэр бзум къыбгурымыIуэу,
Жыгхэм махуэ псом йоуIур, -
Егъэхъуж сымадэж хъуахэр,
Хьэпlащlэжьым эощIищтахэр.
(Жыгыуlу)

* * *
И пи-и ци фIыщIэ дыдэу,
Хэт ди жыгым тесыр шхыдэу?
Ар ещхьыфэщ къуаргъ
пэджыдэм, -
КъыфIэщI хъунщ пащтыхьу
мыдэ!..
(Вынд)

* * *
Бжьыхьэ къэскIэ щIыпIэ хуабэм
Мэлъэтэж гуп-гупу ахэр,
Уэгум итхэщ шабзэ пагуэу, -
ГуIэ макъ къыщIэнэу лъахэм.
(Къурхэр)

* * *
Мы бзу цIыкIур гъэщIэгъуэнщ:
ЗэщIэпщIыпщIэу ар къуэлэнщ,
ЩIыб удзыфэщ, ныбэ гъуэжьщ,
Пыlэ фIыщIэщ... Уэрэдгъощ.
(ЦIыжьдадэ)

* * *
Хамэ щIыпIэр зикI имыдэ
Щхъуафэжь цIыкIуу кIагуэ
дыдэм,
«КIырыкъ» жиIэу, малъэ-мапкIэ,
Сабэм фIэфIуи «зыхегъапскIэ».
(Бзуужь)

* * *
Дауэ бзу мыр - исыр матэм?
Е мыушэ, е мыlъатэ...
ТIэкIу ещIхьыфэщ ар адакъэм,
И фэм икIыуи мэкъакъэ.
(Джэд)

* * *
«Вакъэр» плъыжьырэ хужьу
«фащэр»,
Пщэ кIыхь хъужу, ар гуэл гуащэщ,
Псым щызокIуэри дахащэу,
Ирагъэщхь адыгэ пщащэр.
(Къыу)

* * *
Зигъэщlагъуэу пащтыхьыкъуэу,

ПщIантIэм ар мэкIийри дэтщ,
Хуэдэщ зыри хуэмыныкъуэу...
А Iуэхуншэр, жьифIэ, хэт?
(Адакъэ)

* * *
Ар фIыщIэжьу вындым хуэдэщ,
Кхъуэщыныфэр и пэ тIэкIурщ,
Гъатхэм лъахэм щыIэщ куэду,
Ар мэушэ дахэу, екIуу.
(Бжэндэхъуфlыцlэ)

* * *
Щыгъын хужьрэ вакъэ плъыжьу
Хохьэ псым, зигъэлIыхъужьу,
Шхынкlэ щотхъэ, зегьэпскIыж,
Гъущэ-псыщэу къыхокIыж.
(Къаз)

* * *
Мылъэтэф икIи мыушэ,
Бзууэ щыIэм я нэхъ инщ,
Шхуэ жьэдэлIхъэу ушэсыфмэ,
Шы нэхъ жэрми утэжынщ.
(Махъшэбзу, Страус)

* * *
Ар плIэ фIыщIэу ныбэ хужьщ,
Дамэ кIэщIыщи, мылъэтэхэ,
Тенджыз Iуфэр и хэкужьщ,
Бзу фIэпщыну темыхузхэ.
(Пингвин)

* * *
Ар пагэIуэщ, щхьэщытхъуIейщ,
КIэ дахэшхуэщ - зегьэщIагъуэ,
Гум темыхуэзу бзу макъейщ...
Мис а псор абы и дагъуэщ.
(Дыщэджэд)

* * *
Пащтыхь гуащэу пфIэщIу мыдэ,
А нэхунэр зэщIолыдэ,
Ар мыдыгъэ, щыщми уахэм, -
Жэщ уэздыгъэу, щыгъэдахэщ.
(Мазэ)

* * *
Ди бжьыхь щIагъым
Хьэ цIыкIу щIэсыр,
Уемыlусэмэ, мамырщ;
Ар мымафIэми, укъесыр,
Мышыбжийми, Iейиуэ сырщ.
(Шыпсыранэ)

* * *
Мазэм нэпсу щIигъэкIар
Губгъуэм изу нэху къекIащ,
Налкъут мыщIэу икъухьар
Дыгъэ бзийм зэщIибзэщ.
(Уэсэпс)

* * *
Щыгъэ плъыжьу а мэракIуэр
Чыцэ цIыкIум пызу пытщ,
Удехьэхыр и мэ гуакIуэм,
Зыхэзыщlэхэр кIэрыщ...
Яшхыр псоми: цIыхуми, бзуми,
Зумыгъэнщlу, ар IэфIыпсщ,
Ублигъэкlыркъым, къозури...
Мыщэ шырми ар фIэфIыпсщ.
(Мамкъут, малинэ)

* * *
Чыцэ цIыкIур мэщIэращIэ -
Щыгъэ плъыжьхэр къоблэблэх,
Хуэдэщ нэм зыкъыкIэращIэ,
Iэфlу Iум йомэрэкIуэх.
(Мамкъут, малинэ)

* * *
Ар мымафIэ икIи мыхьэ,
Ауэ, ей, убгъэдэмыхьэ!
ПъэщIэгъуэныр мис аракъэ,
Икли уес, икIи мэдзакъэ.
(Шыпсыранэ)

* * *
Гу лъыботэ: ар мэлъатэ,
Ауэ бзукъым, мыкхъухьлъатэ,
Мыдыгъужь ар икIи мыхьэ,
Ауэ къугъыу къеущIыхьр.
Жыги цIыхуи... псоми щохьэ,
Бжэр Iупхам, уи пэш къыщIохьэ.
(Жьы)

* * *
Яубыдами цIыхум гъэру,
Мэдыхьэшхри исщ ар хъарым,
И нэкIу ещI, зигъэмызыжу,
Банан ешх, иукъэбзыжу,
Ифl къикIамэ, ар мэджэгур,
Ешмэ, щысщ - зэхэлъщ и нэгур,
ЦIыхум ещхьу, ар къиинщ,
Хъарым и цIэр тетщ: ...
(Номин)

● ЖьІэгъуэхэр

Ахъшэр куэдмэ, щхьэр егъэунаэ

♦Дуней нэпцІыжьым псори къегъапцІэ, зэхэлъщи псори зэгъэпцІауэ.
♦Уэлъэмыіэс хъуэпсапІэ куэд дунейм къытонэ.
♦Гупкіэм пысри мэгугъэ зэгуэр гупгІэр къылъысыну.
♦Фадэм пэлъэща щыІэкъым, нэхъ зызыгъэпІыф дыдэми и напэр абы трехыф.
♦Фадэр нэрыгъ зыхуэхъуар бэлъгІэлуи щыщІэркъым.
♦Зэгъэзэхуэкіэ зымыщІэм, псэукІэ ищІэркъым.
♦ЩІэблэ зи бэр къулейщ.
♦Хамэ хэку утыку щыбгъуэтынукъым.
♦Ахъшэр куэдмэ, щхьэр егъэунаэз.
♦Пцыим есам дежкІэ пэжыр жьІэгъуейщ.
♦Ахъшэм цІыхур егъэунэ икІи егъэунэхъу, щхьэж и акъылыр зэрыпэлъэщщ.
♦Дыгъужьыгу зыкІуэцІылъым и лъэр жьжьэ нэсыркъым.
♦Зи гъуэмылэ зи гуфІакІэм дэзышхыкІыж гъусэ зыхуумыщІ.
♦Хъэщіэр пІащІэмэ, гъэхьэщІэгъуафІэщ.
♦Зи гуэным изым и гуныкъуэгъэр мащІэщ.
♦Псэлъэкіэ зымыщІэр утыкум ихьэмэ, и къамэр кърех.
♦Іуэхуншэ и псалъэ кІыхьщ, махуэм жэщри къыпещэ.

АФЭЩІАГЪУЭ Іэнас.

● ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм

Итщ Налшык паркым пыл-псыутх.

Адыгэхэм я зэбиикІэу щытар

● Хабзэ

Адыгэм лей къылъысар имыгъэгъун щхьэкІэ и гъащІэр итыфынут. Ар зэи тхьэусыхакІэу кІуэнутэкъым, «лей къызихащи, унафэ хуэфщІ, суд фщІэ» жиІэу. АтІэ, и псэр пытмэ, къращІар ирищІэжынут. КъаулаР лъэрымыхь хъуарэ езым хуэфІэмыкІынуми, лъэпкъым цІыхухъу исмэ, абы лейр игъэгъунутэкъым. Арат судри унафэри.

Зыгуэр къауІамэ е къаукІамэ, лей зезыхьамрэ зытехьамрэ я лъэпкъэр бий зэхуэхъурт икІи Іэмал имыІэу ялъ ящІэжьи хуейт. КъэзыуІам е къэзыкІам и лъэпкъым щыщу хэт къахуэзэми, абы деж лъэр щащІэжынут, ауэ езы дыдэр къапэщІэзэуэмэ нэхъ къащтэрт. КъэзыукІар яукІыжу, ар зыукІар яукІыжурэ лъэпкъитІыр хьэлэмэ щыхэрыщІ куэдрэ къэхъурт. ЛъэныкъуитІми ящыщу зыри пхуэтхъэусыхэнутэкъым. Апхуэдэ гуэруэ къуажэм къыдэмыхъуэным псори хущІэкъурт. Псалъэм папщІэ, апхуэдэ Іэзыу къэхъуамэ, къуажэ Ілъэкъэзыуэсэрыри, лъэпкъитІыр зорызэгурагъэІуэжыным егупсысырт.

Къуажэ лІыжьхэр лей къызыститехьам деж кІуэрти хэгэгъавэрт:

- Фэбжь хъуами, тхьэм лажьэ имыщІкІэ, Іэзыу къыфтепсыхар худжьжу ди жагъуэ хъащ. Лей къыввэхъам тхьэм къыхуимыгъэгъукІэ, дэри хэдгъэгъункъым, - жаІэрти игу фІы хуащІырт. УІэгъэ зыхуэдэри Іуэхур къызыхэкІари эрагъащІэрт. ЯІулар къуаншэу щытми, зыулар арат нэхъ ягъэкъуаншэр. УІэгъэ ящІам деж къыдэкІыжа лІыжьхэр зэрыІыгъу уІэгъэ зыдзам деж кІуэрт.

- Фыкъуаншэщ, фыбзаджэщ, фыІэпей -лъэпейщ, къуажэм бэлыхь къыдэфлъхьащ, къуажэм дахуи фыхуэдэщ, фыгъурсыщ, - жаІэрти егиерт, ягъэшынэрт, ищІам хущІрагъэгъуэжырт. ЛІыжьхэр абыкІэ зыхэтыр къуаншагъэ зылэжьар ягъэшынэу, «дыщыуащ, унафэ къытхуэфщІ» жрагъэІэну арат.

Апхуэдэм деж къуаншагъэ зыбгъэдэлъхэм:

- Къуажэм узыхь дыфхухъу, дыкъуэнщащ, къытхуэгъэгъу, жьлэм къытхуэфщІыр ди унафэщ, - жаІэрти лІыжьхэм я ІэшІыщІэ зэхъуэкІыжу зэбиитІми гъэгу къэгъэлъэгъуащ. ЛІыжьхэри зыхуейр арати, Іуэхум хуит хуэхъурт.

- АтІэ, унафэу фхуэтщІымкІэ фыарэзыуэ ди Іэмыщ1э зыкъифлъхьэ! - жаІэрт.

- Берычэт бесын, жьлэм узыхь дыфхухъу, фэ къытхуэфщІыр ди унафэщ, - жаІэрти я Іуэхум унафэ тращІыхьыну жьлэр хуит ящІырт.

Удын зыдзам удын къызэрытехуэжынур фІыуэ ищІэрти, ар зытримыгъэхуэжын щхьэкІэ, сытри къытхуищІэнут. Арат ар Іуэхум псынщІэу щІеуваІэрти.

Хуитыныгъэ къаІэрыхьа нэужь, лІыжьхэр уІэгъэ зытехуам деж аргуэру кІуэрт. УІэгъэм еплъырт, Іэзэм еупщІырти, зэрыхужьыну зэманэр зыхуэдизыр зрагъащІэрт. А псори тэмэму зэхагъэкІа нэужь, уІэгъэ зытелъым епсалъэрт.

- Удын къыптехуар ди жагъуэщ, лей къыплъысауэ долъытэ. ЛІы ущыхъукІэ, е укъаУэнщ, е бУэнщ. Уэ ущыпэублэкъым, укІуэкІэри, апхуэдэ къэхъу. «Іей мыхъу фІы хъужыркъым» жыхуаІэращ. Лей къуахар яхуэдгъэгъункъым. КъуажэщыкъуакІэ, апхуэдэ гуэрхэри къыдохъуэ, апхуэдэ Іэджэми унафэ тращІыхь. Уи Іуэхур тІэкІу мыхъумыщІэ хуэдэу хъуами, тхьэм захуэм хуигъазэ. Ди Іэмыщ1э зыкъифлъхьэу фи Іуэхум унафэ тетщІыхьыну хуит дыкъэмыщІэ, ди гуапэкъым икІи дыаразэкъым, - жраІэрт.

Удын зытехуа адыгэпІэр абыкІэ арэзы хъункІэ Іэмал иІэтэкъым. Ар зыхуейр къращІар яриЦэжьыну, уІэгъэ къезыдзам уІэгъэ тридзэжыну арат.

- Берычэт бесын, жьлэ, ди Іуэхур къыфІыуэхуу фыкъызэрыкІуам щхьэкІэ. Абы нэхърэ нэхъ гугъуехь тхьэм къымимыткІэ. Жьлэр бэлыхьым тхьэм щихъумэ, жьлэм щхьэгъубжэ дыфхухъу! Ауэ япэщыкІэ къыдащІар етщІэжьынщи, итІанэ жьлэм сыт хуэдэ унафэ фыхуэи-ми къытхуэфщІ! Дэ къытТехуа удыныр мыхъужкуэ зыри вжетІэфынукъым. Ди унафэ дэ тщІыжьынщ, - жаІэрти, зытрамыгъэхьэурэ зыкІэлъагъэкІуэрт.

Ауэ лІыжьхэри мы Іуэхум яужь щІихьэр абы хуэдэ джэгу цІыкІукІэ ягъэбэягъэн мурадтэкъым.

- Фи Іуэхур ди Іэмыщ1э къыфлъхьэу унафэ тетщІыхьыну хуит дыкъэмыщІэ, нобэ щыщІэдзауэ фи пщІантІэ дыкъэщІыхьэнкъым, фыІэми фыщІэтлъхьэнкъым. Нобэ фыкъыщэмыдаІуэми, фэри жьлэм фыщыкуэин зыкъужьынщ. ЖьлэмэмыдаІуэу фІы зэхъуэкІа щыІэкъым, фыщІэгъуэжынщ. Фыкъыщэлъэпауэу аракъэ? ДяпэкІи фи набжьэ щІэлъ, къыфщыщІынур зыхуэдэр фщІэрэ? - жаІэрти, зэрагъэшынэным пылъ икІи икІэм-икІэжьым къагъэдаІуэрти, Іуэхум унафэ тращІыхьыну хуит зыкъэрагъэщІырт.

Зэманым декІуэкІ хабзэм тету, лІыжьхэм я унафэкІэ, «медат» (Іуэхум и унафэр зыщІынухэр) жаІэрти лъэныкъуитІми лІы тІурытІ храгъэхырт. Апхуэдэр къуажэм щыщми хамэ жьлэмэи хъунут.

ЛІы тІурытІыр зэпэтІысырт, къуажэ старшынэр яхэтІысхьэжырти унафэ ящІырт.

Медату хахаэр псом япэу уІэгъэм деж кІуэрти еплъырт, Іэзэм Іэзапщ1эу къариуклыпІэнур зыхуэдизыр зрагъащІэрт. Абы иужькІэ уІэгъэ зыдзам уІэгъэр зридзам хуищІэн хуейхэр къалъытэрти, унафэ пыуухыкІа ящІырт.

Унафэу ящІынур зэфІэкІа нэужь, зэбий лъэныкъуитІми расписк хъыІэхырт: «Фэ фщІа унафэмкІэ дыаразыщ» жиІэу иту, ауэ расписк хъыщІыхьым деж унафэ ящІар зыхуэдэм зыри щыгъуазэткъым. А унафэм мыпхуэдэуи хатхэрт - сымаджэр зыхуэдэм къэтэджыхыу зэбиитІми гъэзгу зэхущаназ. НэгъэущІу жьлэпІэмэ, зэбий лъэпкъитІым ящыщ зэхуэзамэ, гъунэгъу зэхуэмыкъупІэ щыкІэ гъэгуу дадзыхьын хуейт. Дэзыдзыхам мыдрейр кІэлъыкІуэу еуэрэ иукІамэ, ари ягъэкъэунэшэнут...

Мы унафэ псори зэфІэкІа нэужь, абы лъэпкъитІри щыгъуазэ ящІырт.

КъыщыхъуащІыт мылъкур зытын хуейр а мылъкур фІэкъуэдыІуэу арэзы щытемыхъуэ, щытхъуэсыхэ. Ауэ мы дунейр хуейуэ къызэхикІухьамэ, дэнэ щымытхъэусыхами, медатым ящІа унафэр зыми къикъутэфынутэкъым.

УІэгъэр хъужа нэужь, унафэ ящІам тету, гъэфІэж хурагъэщІырт, зыулар яуІам деж кІуэрти, «сыкъуэншащ, къыхсуэгъэгъу», жиІэрти я Іэр зэрагъэубыдыжырт, биигъэ зэхуамыІэжу зэгурагъэІуэжырт.

Къуажэм укІыгъэ гуэр къыдэхъуамэ, «нэгъуэщІ гуауэ къэмыхъу щыкІэ» жаІэрти, къуажэдэс лІыжьхэр зэхуэсырт, ежэрти пІалъэ къыхамыгъэкІыу зэрызэгурагъэІуэжыным хэтт. ЛІыжьхэр мыбы къэслалІэрт, нэгъуэщІ гуауэ къытрамыгъэхъуэжу Іуэхур зэфІэкІыху етІысхэнутэкъым. «Бэлыхьым бэлыхь къытехьэжурэ, къуажэр гуауэ хэмыкІ хъунущ», - жаІэрти, зэрыжьилэу Іуэхур зэрызэтрагъэувэжыным хущІэкъурт.

Адыгэ зэбиикІэм лІыгъэрэ хабзэрэ хэлъу щытащ.

ЩОДЖЭН Хьэзешэ.

● Сабийхэм жаІэ

Псоми зэхахыу

ЛанэкІыкІу анэшхуэм зыхуигъэгусауэ щысщ. (Ар щІалэ дыдэщ, анэшхуэкІи уемыджэну).

- Сыт сыноушхыдащи, иджы фІыуэ сыкъэплъагъуэжыркъэ? - иоупщІ анэшхуэр.

ЛанэфІыуэ мэгупсысэри жаІэ:

- Сэ ерагъмыгъуейуэщ фІыуэ уззрыслъагъур!

- АтІэ афІэкІа морожнэ къэпІхуэсщІэхунукъым.

- АтІэ сэри псоми зэхахыу нанэкІэ сыноджэнущ!

ДэІэпыкъуэгъу

Анэр щІэупщІащ:

- Данэ, удэІэпыкъуэ нанэ къазхэр щІэгъэкъуэн?

- Сыдэ1эпыкъуащ.

- Дауэ?

- Сэ ахэр зэпымыууэ сыбжащ.

Сэри пенсэм сывгъакІуэ

Хьэзрэт цІыкІу и адэм еупщІащ:

- Папэ, мо дадэр махуэ къэс щхьэ тетІысхьэпІэм тес?

- Ар пенсионерщ, лажьэми мылажьэми хъунущ.

- АтІэ сэри садым сывмышІэу пенсэм сывгъакІуэ.

Мыр сыт?

ЩІалэ цІыкІум жеІэ:

- Папэ, ди гъэзджакІуэм зэи шы илъэгъуауэ къыщІэкІынкъым.

- Сыт апхуэдэу къыщІыпщыхъур?

- Нобэ урокым сыщІэсу шы сурэт сщІати, абы еплъыщ-еплъри къызэупщІащ: «Мыр сыт?» - жиІэри.

ЛЫХЬ Людмилэ.

● Псалъэжьхэр

Гум дэбгъахуэр фэм къеІуатэ

♦Гъунэгъуфі къуэшыфІ пэлъыітэщ.
♦Къуэ бзаджэм адэм хъуэн къыхуехь.
♦Уи гъунэгъу умыуб, уи благъэщІэ ущымытхъу.
♦Гум дэбгъахуэр фэм къеІуатэ.
♦Гум къэмыкІ лажьэ къыпщыщІыркъым.
♦Дзыгъуэ нэпсэйр шэм етхьэлэ.
♦Зым и зэран щэм йокІ.
♦Къыхэдзэ закъуэ - екъуэн бгъуэтынщ.
♦Ныбэм и лажьэр Іуэтэжыгъуафіэщ.
♦Пабжьэм хэсыр лыгъэм къыхехеу.
♦ПцІыр Іуданэ хужькІэ дытащ.
♦ПцІыупс и кІапсэ кІыхьщ.
♦Уэрэдым псалъэ хадзыркъым.
♦Уэзэлъэіур щІагъуэ мэхъу.
♦ЛІыгъэщІапІэ лІы икІуадэркъым.
♦Ахъшэ мыбж зэІахыркъым.
♦Гъэм и зы махуэм щІымахуэм уегъашхэ.
♦Жьым еубзи, щІэр гъэгушхуэ.
♦Напэ зиІэм лІыгъэ хэлъщ.
♦Бзури и абгъуэ щытепщэщ.
♦Чэнджащэ щІыуэрхъым.
♦Фащэм я нэхъ дахэр укІытэщ.
♦Анэм и быным хуищІэр фІэмащІэщ.
♦ЦІыхухъум и лІыгъэ, щІыбзэ, быным и щэн.
♦Лыд псори дыщэкъым.
♦Къанэжэр и бзэ токІуадэ.
♦Делэр гугъэурэ жьы мэхъу.
♦ІэщІагъэ зиІэм Іэужь иІэщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1**. Щыгъын. **3**. Ди гъунэгъум ... сыхидзащ, пцІы къыстрилъхьэри. **5**. ЕджакІуэм унэм щигъэзэщІэн хуейуэ къыщащ пщэрылъ. **8**. НыкъусаныгъэІ, сэкъат, щыщІэныгъэ, дагъуэ - абыхэм къарыкІыр къэзыгъэлъагъуэ нэгъуэщІ псалъэ. **10**. Хьэжыгъэм къыхэщІыкІа адыгэ шхыныгъуэ. **11**. ... нэр ирещІ. **12**. Псы зэрыкІуэ кумб дэтІыкІа. **13**. Бэзэр Іэмэпсымэ. **14**. МылъэтэфэмкІэ, Іэзэу бадзэ къеубыд. **15**. ГъэмкІэ зэман. **17**. ХъуасэкІэ къызыхиХ мывэ быдзэ: пасэм ар къагъэсэбэпурэ мафІэ щІагъанэрт. **21**. ГъэмахуэмкІэ Іэщым якІэрыхьыжьэ бадзэшхуэ. **22**. ... нэхъ пэ зэхъуэкІыжьыщІэ. **23**. ПхъэгъамбыщІэ. **24**. ЦІыхубз пшэрыхь ... **25**. МакъамэкІэ хуэщІа Іэмэпсымэ. **27**. А къуалбзэур куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **30**. ... ущІэмыкъу, пхуэфащэмэ, къыпІлъысынщ. **33**. Адыгэ куэдым фІыуэ ялъагъу спорт лІэужьыгъуэ. **35**. ... уэ фІэкІ, губзыгъэм сэ езыр сыфІэкІынщ. **36**. КъэралІэджэ зыхэт, зауэ хуэІухуэщІэм хуэгъэпса, дэ хэкум имыфІ зэгуэхэныгъэ. **37**. Бжэм и ... макъкъэІуащ. **38**. «НыбжьыщІэ ...» - Щоджэнщ1ыкІу Алий и поэмэ. **39**. ... къурашэ. **40**. Гагариныр дуней псом щыпэу здэлъэта щІыпІэ. **Къехыу**: **1**. Ди щІыпІэм куэду къыщыкІ удз: и ущэкъкІэ хъурей гъэгъахэр хужьу, пшэплыфэу. **2**. Адыгэ къуажэшхуэ. **3**. Яхуэмылажьэбжьэхъушхуэ. **4**. Колхоз тхьэмадзу щыта, Социалист ЛэжьыгъэмкІэ ЛІыхъужь ... Хьэсэн. **6**. Зи пхъафэр гъуабжафэ-фІыщІафэ, гуэл Іуфэхэм, псыхъуэхэм куэду къыщыкІ жыг. **7**. ... къанэри, щІэупщІакІуэр лІащ. **9**. Зи унафэщІым и Іуфэлъафэр къэзыжьыкъ цІыху. **15**. Сосрыкъуэ щхьэгъусэу кьиуа пщащэ. **16**. «Іэщ», «былым» псалъэхэм къарыкІыр къэзыгъэлъагъуэ нэгъуэщІ псалъэ. **18**. Чэнсэхэм фІэлъ уэздыкъэнэшхуэ. **19**. Чы ухъуэнщІахуэ. **20**. Акъылым уасэ иІэкъым, гъэсэныгъэм ... иІэкъым. **26**. Бдзэжьей зэрещэ. **28**. Ерыскъыр егъэлеяуэ цІыхум къащемэщІакІ зэман. **29**. Усакіуэ КІэщт Мухьэз, уэрэджьыкІуэ Іэзэхэу Уэтэрхэ Анатолэ, МулэедІ, Шал Хъусен сымэ я къуажэ. **31**. Гъавэ. **32**. Бразилием щекІуэкІа дунейпсо олимпхэзэхэзэхэзэм дыщэ медаль къыщІэзыхьа адыгэ щІалэ. **33**. Налшык щыпсэу уэрэджьыкІуэ, КъэрэшейШэрджэсым и цІыхубэ артист. **34**. Ди театрым илъэс зыбжанэкІэ щагъэлъагъуэ «Дахэнагъуэ» пьесэ щэрыІуэр зи Іэдакъэщ1экІ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэуэгъуэм и 27-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **5**. КъуэщІий. **7**. Бжьыдзэ. **8**. Боз. **9**. Чынт. **10**. Напэ. **11**. Джэдыгу. **13**. Яе. **14**. Шэ. **17**. Хъурей. **19**. Шэд. **20**. Пщае. **24**. Гъашэ. **25**. ЩІыІуб. **27**. Хуарэ. **28**. Уэд. **29**. ХьэукІ. **33**. Вы. **34**. Гъуо. **36**. Хьэмкіэ. **37**. Акъыл. **39**. Іэзэ. **40**. Усэ. **41**. Гурышэ. **42**. «Аслъэн».

Къехыу: **1**. Хьэлэуэ. **2**. Жинт. **3**. Бжьын. **4**. БдзапІэ. **6**. Сондэджэр. **11**. Джей. **12**. Гущэ. **15**. Пхъурылъху. **16**. Тешанкіэ. **18**. ЕлгъэР. **21**. ЩыблІэ. **22**. Пшэ. **23**. Ныш. **26**. Іэрэмысэ. **30**. Дзыхь. **31**. Іугъуэ. **32**. Факъэирэ. **35**. Къаздэхъу. **38**. Лашэ. **39**. Іэсэ.

● Лъэпкъшхыныгъуэхэр

Дагъэ уэркІэ гъэжьа кІэртІоф

КІэртІоф укъэбзар тыкъыр цІыкІуу, г 10 - 12 хъуэ, мыІуб Іейуэ, яупщІатэ, сэхуран дагъэр къагъэпІэ, пщтыратыкъыр градуси 140 - 150 хъуху. Абы кІэртІоф упщІэта гъэгъущІар хакІутэри, чымчырымкІэ зэІащІэурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ.

КІэртІоф жьар чымчыркІэ кърахыж, пІинэу тепщэч цІыкІум ираклытэ. ШатэкІэ щІауэ бжьыныхуу шыпс тракІэри хуабэу яшх. Пластэ, щІакъхъуэ, лэкъум дашх. Шхыныгъуэр витаминкІэ къулейщ.

Халъхьэжэр (цІыхуит1 Іыхьэ): кІэрт1оф укъэбзауэ - г 400, сэхуран дагъэ - г 1000, бжьыныхуу укъэбзауэ - г 10, шатэу - г 100, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

Дзасэкіэ гъэжьа нартыху

Нартыху цІынэр ятхъ, щхьэцыр трах, и лъэдакъэмкІэ дзасэм фІалъхьэри ягъэкІэрахъуэурэ дэпкІэ ягъажьэ.

Нэхъ псынщІэу ягъэжьэн мурадкІэ дэпым тралъхьэмэ, илынцІынущ. МафІэр дзасэм пэжыжьащэмэ, нартыхур мыжьэурэ гъунщ. Ар, и инагъымрэ и цІынагъымрэ елъытауэ, дакъикъи 8 - 10-кІэ мажьэ. Хьэзыр хъуа нартыхур тхъуэплъ дахэщ, язынкІуэ хъэдзэхэр къоплэнкІ. Дзасэм къыфІахыжа нэужь, пщтыру яшх.

Абы кІэтІийхэр фІыуэ егъэкъабзэ. Нартыхур фІамыщІ мафІэкІи газкІи ягъажьэркъым.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **КъаншокІэну Эпэл** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Мариет**, **Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замир**э, **Чэрим Марианнэ, ШІхьэщэмыщІ Изэ.**

Газетыр къэгъэлъагъуэ

Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинэм и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; здэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тиражыр 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыпсэу Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Ленинэм и уэрам, 33

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхъа бжыгъэхэм, къыщалэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ авэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъум.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъынырэ индж дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыпсэу Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къалэ, Ленинэм и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Соня,** *редактору* **Жылаэ Заурбэч,** *корректорхэу* **НэущІокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэгъэ яцІыкІ* **Долэ Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьазыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.064 ● Заказ №700